

Machu Picchu, Yon Ansyen Vil

Genre: Persuasive Article

Essential Question/Kesyon esansyèl

Kouman nou eksplike sa k te rive nan le pase?

How do we explain what happened in the past?



Trètman Wayal la

Machu Picchu se te yon pwopriyete wayal

Machu Picchu se yon vil ansyen anpi Enka nan Lwès Sid Amerik la. Li te konstwi sou Anprè Pachacuti. Men an 1500 yo te abandone l. Istoryen Ameriken ki rele Hiram Birgham te twouve li an 1911. Li te tonbe sou yon ranplasman **vyèj** ki te fèt ak brik. Izòlman Machu Picchu te youn nan rezon prezèvasyon ekstraòdinè li te genyen konsa. Birgham pat yon akeyològ, men li te fè anpil dekouvèt avèk rès bagay li te twouve kote sa. Se konsa tou anpil lòt akeyològ te pran tan ap etidye estrikti ak tout objè yo pou yo te aprann sou Enka yo epi chèche konnen poukisa se anplasman sa yo te chwazi pou konstwi kominote Machu Picchu a. Moun ki fè rechèch te egzaminen **antik**, moso pyès ra yo, tankou kraze potri, klou metalik, yo te twouve pou yo konnen ki aktivite pèp sa yo t ap mennen epi istoryen yo tou te gade detay achitèkti bilding yo pou yo detèmine kisa yo te konn fè nan yo.

Zye sou Solèy yo

Machu Picchu te jwe wòl obsèvatwa

Dapre etid, kèk ekspè deklare yo te konstwi Machu Picchu pou l te yon obsèvatwa astwonmik (zye sou syèl la). Solèy la te gen anpil enpòtans pou relijyon ak kilti Enka yo. Machu Picchu te bati sou yon wotè ki depase 7000 pye nan mòn Lèzand Pewou a. Enka yo te kwè mouvman solèy la te afekte lavi yo. Akeyològ yo t ap eseye **rekonstwi** kouman yo te sèvi ak Tanp Solèy pou obsèvatwa. Chèchè yo endike estrikti, tankou Tanp Solèy, ak zouti ki te konn sèvi pou trake mouvman solèy, zetwal ak planèt yo. Rezilta obsèvasyon sa yo te pèmèt yo prepare almanak pou fèmye sèvi lè pou yo plante **semans**. Sepandan gen lòt prèv ki sipòte anpil yon lòt jan yo wè sa. Anplasman sa a se te yon pwopriyete wayal pou chèf Enka yo. Istoryen ki an favè opinyon sa a fè remake Machu Picchu te twò piti pou l te kab yon vil. Kantite kay yo te konte fè konnen se apeprè 750 moun ki tap viv la. Kominote a ak tout objè yo te fèt ak anpil swen. Yon lòt bagay ankò, Machu Picchu pat twò lwen vil kapital Cuzco a. Lè li fè frèt, Anprè a ak fanmi li ale nan pwopriyete sa pou yo rechofe yo pandan soltis sezon frèt la, fè lachas, defoule li epi rankontre ak **nòb** yo. Prèv sa demontre se yon bon rezon pou di Machu Picchu se te kay Anprè andeyò vrè kay li a.

Non: _____ Dat: _____

Ann rezime 2 atik sou Machi Picchu yo	
Atik # 1: Tretman Wayal la	Atik # 2: Zye sou Solèy

Poukisa otè a panse Machu Picchu te yon pwopriyete wayal

Kesyon Esansyèl: Kouman nou eksplike sa k te rive nan lefase?
